

TATA PANGIBADAH MINGGU BIASA KAPING XXIX - GKJ AMBARRUKMA
19 November 2023
Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB

(Warni liturgis ijem, Stola : Logo Prau+Pelangi+Peksi Dara)

Sakderengipun pangibadah kawiwitan, Liturgos nyumet satunggal lilin pethak ibadah.

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori
2. **Liturgos** :

“Pasamuwan kinasih ing patunggilanipun Gusti Yésus Kristus, Pradataning Pasamuwan ngaturaken sugeng rawuh, sugeng énjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Sangalas November, Kalih Èwu Tiga Likur** (19 November 2023). Mugi kasarasan lan karaharjan tansah nunggil wonten ing Bapak, Ibu, saha para Sedhèrèk, tuwin laré-laré sadaya. Bapak Ibu saged ngaturaken jawat asta, utawi salam *namaste* dhumateng pasamuwan ing sakiwa, tengen, ngajeng, saha wingking palenggahan panjenengan.

Pangibadah wekdal menika ugi dipun giyaraken lumantar live streaming Youtube GKJ Ambarrukma, pramila kula ugi ngaturaken sugeng nyuraosi pangibadah tumrap Bapak, Ibu, lan Sadherek ingkang wonten dalemipun piyambak-piyambak utawi wonten pundi-pundi papan.

Kula suwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, pangibadah wekdal punika kanthi irah-irahan “**Nindakaken Prekawis Alit**” ingkang badhé kaladosaken dening Bapa Pandhita Yusak Tridarmanto.

Sesarengan pangibadah ing wekdal enjang menika kita purwakani kanthi repèning **Kidung Pasamuwan Kristen Tigang Dasa Kalih, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 32 : 1, 2)**, “**Sembah Bakti Konjuk Gusti**” *pasamuwan kasuwun jumeneng*

- | | |
|--|---|
| (1) Sembah bekti wah puji konjuk ngarsèng Gusti kang mberkahi gréjanya temah tansah begja Injil kratoning Allah ingundhangken sumrambah asmanya kamulyakna déning sagung bangsa. | (2) Sagung kidung kamulyan konjuk mring Pangéran, dalah pisungsung sokur wit berkahé mancur, wah pangengennya nyata yoga pra umat setya, asmanya kamulyakna déning kagungannya. |
|--|---|

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah, sakderengipun Pengkotbah mapan dhateng mimbar.)

3. Votum tuwin Salam Karaharjan: *(Pasamuwan Jumeneng)*

Pandhita : Pasamuwan kinasih, sumangga ing pangibadah dinten Minggu menika kita sesarengan mratelakaken pangaken konjuk Gusti ingkang mekaten:

Sadaya : **Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit lan bumi, tuwin ingkang mboten nate nilaraken pakaryaning Astanipun.**

Pandhita : Sih rahmad lan tentrem rahayu saking Sang Yehuwah Gusti kita, tuwin Gusti Yesus wonten ing bapak, ibu, lan sadherek sadaya.

Pasamuwan : **Mekaten ugi ing panjenengan.**

Sadaya : **5 7 i . / 5 7 i . / 5 4 3 . /
A min, A min, A min.**

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. Lektor : Sabda Introitus : Kidung Pangadhuh 3 : 58-60

Lektor : “Mekaten sabdanipun Gusti”

Pasamuwan : “Puji sokur konjuk Gusti”

5. Liturgos : “Bapak, Ibu, saha para Sadhèrèk ing Gusti Yesus. Gusti kita nguningani anggèn kita dipun etrapi ingkang mboten adil, lan Gusti piyambak ingkang karsa paring kaadilan, awit Panjenenganipun ugi sampun nguningani pangigit-igitipun tiyang-tiyang wau saha sadaya pangrantamipun dhateng kita sami.

Sumangga kita sami memuji asmanipun Gusti, kanthi sesarengan ngrepèkaken **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Tigang Dasa Pitu, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 137 : 1, 2), “Kang Langgeng Sihé Allah”**

(1) Saprakara kang pantes dèn upadi yéku Kratoning Allah Sang Rama samubarang piningken tumuli angger sumuyud jroning pracaya.

Refr:
kabèh mung nglaha, kabèh mung nglaha,
sarwa kadonyan wus mesthi sirna
mung sihé Allah kang langgeng s'lamanya
tyang kang ngayom wus mesthi raharja.

(2) Drajad kasugihan wah kasenengan, ginayuh kanthi margi utami, aywa lali kang aji lan sejati, yéku setya wah nunggil lan Gusti.....Refr:

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : Yesaya 1 : 18**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Pasamuwan kagunganipun Gusti. Kita menika tiyang dosa ingkang sampun kasucèkaken lan dipun tetepaken dados méndanipun Gusti menawi kita purun ngakeni sedaya dosa-dosa kita. Gusti ingkang badhé paring pangluwaran lan kasucèn tumrap kita sedaya.

Pramila sumangga kita sami nyawisaken manah, sowan ing Ngarsanipun Gusti, ngakeni saha nelangsani sedaya karingkahan kita ing pandonga pamratobat. Kita purwakani kanthi repèning **Kidung Pasamuwan Kristen Lami Satus Tigang Dasa Enem, Pada Setunggal Lan Kalih (KPKL 136 : 1, 2), “Gusti Pangungsèn Kula”**

- | | | | |
|-----|---|-----|---|
| (1) | Gusti mugè ningali
nggèn kula kesrakatan
Kula mlajeng mring pundi
anjawi dhateng Tuwan
Dhuh Gusti nyuwun tulung
mugi nglanting kawula
Sing karibedan agung
tinuntuna mring swarga. | (2) | Tan wonten pangauban
namung sih rahmat Tuwan
Tuwan dados p'lindungan
Mring tyang 'kang kesusahan
Yèn kagunturan sedhik
'wah kawratan ing dosa
Sinten kang nglipur malih
lir Tuwan kang wilasa? |
|-----|---|-----|---|

8. **Imam: Pandonga Pamratobat**

Sadhèrèk kinasih, umatipun Gusti Yésus Kristus, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Pinujia asma Paduka Gusti kawula, kawula sowan malih wonten Ngarsa Paduka kanthi raos lingsem awit kawula taksih wangkot, kawula taksih netepi margi ingkang kawula tetepaken piyambak, kawula ugi taksih jumawa nampik margi ingkang Paduka tetepaken. Kawula ngakeni sedaya dosa-dosa kawula menika Gusti lan kawula pitados bilih Paduka badhé paring pangluwaran kados pangandel pangandika saking Paduka bilih “sanadyan dosanira abang kaya gluga, bakal dadi putih kaya salju; sanadyan rupané abang kaya jarit sumba bakal padha dadi putih kaya wulu wedhus gèmbèl.” Mugi Paduka pulihaken manah kawula wangsul wonten ing piwulang Paduka.

Dhuh Gusti, mekaten atur pamratobat kawula punika, kawula unjukaken wonten Ngarsa Paduka linambaran sih-katresnanipun Gusti Yésus Kristus, Juru Wilujeng kawula. Amin.”

9. **Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Pangandharing Toret 10 : 21**

Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : Kolose 3 : 23

10. Liturgos : “Pasamuawan brayatipun Gusti Yesus Kristus, sumangga kita sami ngraosaken bilih Gusti menika dados underaning pepujèn kita ingkang sampun nindakake pandamel linuwih. Pramila kita nindakaken sadhéngah prekawis kanthi tulus ing batin kadosedéné kagem Gusti. Sumangga kita tansah ngugemi dhawuhipun kanthi kesanggeman kita lumantar pepujèn saking **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Sèket Tiga, Pada Setunggal Lan Kalih (KPK 153 : 1, 2), “Gusti Yesus Kristus”**..... *Pasamuwan kula aturi jumeneng*

(1) Aku mesthi nyaritakna
 bab Yésus Sang Pamarta
 Pepadhanging jagad nyata
 Putrèng Allah Makwasa
 nggih jatining kayektosan
 wah malih kauripan
 margining tyang dugèng swargi,
 Imam agung sejati
 Sang Pangèn, Panebus jalma
 Pantaraning manungsa.

(2) Aku mesthi nyaritakna
 bab Yésus Sang Pamarta
 yéku Sang Kristus Masuci
 Gustining sagung Gusti,
 ratuning salir pra ratu
 nggih Sang Guru satuhu,
 sabdèng Allah kang manjalma
 dadya putrèng manungsa,
 nggih ugi cempéning Allah
 Abdining Sang Yehuwah.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

11. Wedharing Sabdanipun Gusti

(*Pasamuwan Lenggah*)

a) Pandhita : **Pandongga Epiklese**

b) Pandhita : **maosaken Mateus 25 : 14-30**

c) Pandhita : **Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.**

Pasamuwan: 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 3 |
Hale- luya Hale-luya Hale - lu - ya

d) Irah-irahan: **“Nindakaken Prekawis Alit”**

e) Ancas : **Pasamuwan ngraosaken bilih Gusti sampun maringi berkah kesagedan (talenta) wonten ing saben tiyang, satemah pasamuwan saged saos sokur lan ngginakaken pakaryanipun namung kagem ngluhuraken asmanipun Gusti.**

12. Pisungsung

Imam : “Gusti Allah tresna dhumateng kita supados kita ugi tresna dhumateng sesami kita. Menika wau sabdanipun Gusti ingkang kita suraosi sesarengan.

Sesarengan kita nyamektakaken dhawuhipun Gusti kanthi ngaturaken pisungsung ingkang sampun kita cawisaken. Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung wulanan lan mirunggan saged dipun lebetaken ing kotak utawi salah satunggaling kantong, déné pisungsung

mirunggan kagem panyengkuyung *Hari Ulang Tahun BMGJ (Badan Musyawarah Gereja-gereja Jawa) lan Pahargyan Natal Bersama 2023* saged dipun lebetaken wonten kothak ingkang sampun kacawisaken. Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung ing wekdal menika kapethik saking **Serat Kalih Korinta, Bab Sanga, Ayat Pitu (2 Korinta 9 : 7)** ingkang mekaten suraosipun: **“Sabèn wong pawèwèhé dikaya kang dadi rilaning atinè, aja kanthi sedhik utawa marga kapeksa, awit Gusti Allah iku ngasihi wong kang pawèwèhé kanthi suka-rila.”**

Sumangga kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repèning **Kidung Pasamuwan Kristen Satus Wolung Dasa Setunggal, Pada Setunggal Dumugi Tiga (KPK 181 : 1 - 3), “Saosan Sokur”**

- | | |
|--|---|
| (1) Kula ananem wiji, taberi ngrimati
'nging tuwuh miwah suburnya,
Allah kang mberkahi
Pangeran paring jawah lan sunaring surya
wah saliring wohira nggih berkahing Rama | <u>Refr:</u>
Sumangga misungsung
kanthi trusing manah
sadhengah barang darbe kita
konjuk mring Allah. |
| (2) Kula sengkut makarya ing saliring kardi
wit iku dados marginya berkah saking Gusti
sawarnining pakaryan tan ana kang nistha
asil gedhe cilaka mesthi murakabi..... <u>Refr:</u> | |
| (3) Kasarasan karosan berkahing Sang Rama
kapinteran kaprigelan wah aruming nama
ywa nganti anjalari gumunggunging ati
ing sagunging kahanan ngluhurken Pangeran..... <u>Refr:</u> | |

13. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat

14. Liturgos : “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. Pasamuwan kula aturi jumeneng

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.

- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

15. Pandhita : Paladosan Berkah

“Pangéran Yéhuwah mugèni paring berkah lan pangayoman dhumateng panjenengan. Pangéran Yéhuwah mugèni nyunarakèn cahyaning wedananipun lan paring sih rahmat tuwin tentrem rahayu.”

16. Liturgos : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun dhumateng Bapa Pandhita Yusak Tridarmanto lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi tansah nengenaken dhawuhipun Gusti bilih sadaya berkah kesagedan (talenta) ingkang sampun kaparingaken wonten ing kita sami, saged dipun ginakaken kagem ngluhuraken asmanipun Gusti.

Kita badhe mungkasi pangibadah menika kanthi repening **Kidung Pasamuwan Kristen Lami Satus Wolu Likur, Pada Setunggal Lan Kalih (KPKL 128 : 1, 2), “Kinanthi Ing Gusti”**

(1) Gusti Yesus pangèn mami
Iba gunging sih Tuwan
Ing sapurug-purug kula
Nyuwun panganthi Tuwan
Kinanthi ing Gusti
Kinanthi ing Gusti
Ing satitah kula nrimah
Angger kinanthi Gusti.

(2) Kula boten nyuwun bandha
Tan nyuwun kadrajatan
Kang kawula suwun namung
Kinanthia ing Tuwan
Kinanthi ing Gusti
Kinanthi ing Gusti
Ing satitah kula nrimah
Angger kinanthi Gusti.

17. Liturgos : “Sugeng dinten Minggu, lan kita sami tansah binerkahan ing Sang Kristus Gusti. Amin.”